**Конспект ООД «Сан Даймохк»**

**1алашо:** Берашкахь Даймахках дозалла кхиор.
**Билгалбаьхнакхиамаш:**
-Берашна бевзар бу шайн Даймохк, шайн дин;
-берашна хуур ду вайн Даймохк муьлханиг бу , берашна хуур ду вайн паччахь мила ву, шаьш муьлхачу динехь ду;
-берийн  Даймахке, нохчийн матте безам кхоллалур бу;
-бераш сий дийр ду шайн динан а, къоман а.

**ООД д1аяхьар**

**Маршалла хаттар**
-Де дика дойла шун,бераш!
-Диканца дукха дехийла!
-Аса х1инца байт д1айоьшар ю, дика ладог1а:
Хьомсара сан Даймохк
Суо ирсе хета,
 Хьо мел бу  ехаш ю
Дуьненчохь со.
Хьуна мел кхоьссинарг
 Сан дагна кхета,
Сан дог а лазадо
Лазича хьо…
-Бераш вай хьокху хьехарсахьтехь дуьйцур вайн Даймахкахь лаьцна.
**Даймохк бовзийтар**
-Бераш хьовсал суьрта т1е. Х1ара х1ун ю ? (Лаьмнаш)
-Ткъа х1ара х1ун ю? (Хьаннаш)
-Ткха х1ара х1ун ю? (Шовданаш)
-Ткъа  х1орш х1ун ю ? (Ярташ)
-Ткъа х1орш х1ун ю? (Г1аланаш)
-Уьш ерриге цхьана вайн Даймохк бу.Хьанна хаьа шуна,  х1ун ю даймохк? (Берийн жоьпаш)
-Даймохк иза хьо вина, кхиъна, хьан да, деда ваьхна хьан мохк бу. Вайн Даймохк Нохчийчоь ю. Хьовсал Нохчийчоь мел хаза ю.(Суьрташ т1ехь д1агойту  кхиорхочо). Вайн махкахь ду хаза лаьмнаш, шера аренаш, шийла шовданаш, стоьмийн бошмаш. Ден-дене мел дола хазлуш, кхуьуш ю вайн ярташ, г1аланаш.
-Вайн Нохчийн Республикан паччахь ву. Х1ун ю цуьнан ц1е? (Рамзан Ахматович Кадыров)
-Рамзан Ахматович  ч1ог1а  дика  паччахь ву, цо вайна яйтина садикаш, школаш, маьждигаш. Цо г1о до  цомгуш хиллачунна, чу ваха ц1а доцуш висинчунна.Вайн Республикин столица  Грозный ю.
-Вай деха Россияхь. Иза вайн боккха Даймохк бу. Россина  чу дог1у дуккха къаьмнаш, нохчийн, оьрсий, г1алг1ай, суьлий. Вай муьлхачу къомах ду? Х1ораммо хьала а г1оттуш  ала?

-Со  нохчо ву. Со нохчо ю
-Россияхь ду дуккха а динаш: бусалба  дин, керста дин.
Шу муьлхачу динехь ду? Х1ораммо хьала а г1оттуш ала?
-Со бусалба ву. Со бусалба ю.
**Сада1аран миноташ:**
**«К1орнеш»**
К1орнеш, к1орнеш - можа к1орнеш, -
Кегий горга хаза овгалш,
Нанна т1аьхьах1иттина
 Ков-керт мел ю даьржина:
Ког-м1ара а хьоькхуш байн
Юург-мерг уып лоьхуш дай.

Даккхий т1емаш даржийна,
К1орнешна т1е б1аьрг боьг1на,
 Лакха стиглахь куьйра хьийза, -
Ловчкъа д1а, - шу кхин ма ц1ийза! -
К1орнеш, к1орнеш, довдалаш,
Т1емаш к1ел д1аловчкъалаш!

Шух катоха куьйра г1ерта,
Дог1ур дац и дийцарх берта.
Къуьрдиг-нана кхойкху хезна,
Кегий к1орнеш, синош дезна,
Хьаьвди-девди нана йолчу;
Шайна дала орца долчу.
(ХIара байташ а йоыпуш, цу т1ехь дуьйцург до бераша хьехархочуьнца цхьаьна.)

**Суьрташ дохкуш болх бар**
Бераш, вай болх бийр бу суьрташ дохкуш, Даймехкан цхьа хазалла гойтуш. (Кхиорхочо г1о до берашна суьрташ дохкуш, цул т1аьхьа х1ораммо диллана сурт гойтуш, берашка хаттарш деш болх бо).
Вайн республика кхуьуш схьайогIуш ю, шорлуш ю цунна чохь гIишлошъяран я, юьртанбахаман а, кхечудакъошкахь а йолу предприятеш а.
Халкъан кхане кегийчаьргахь ю. Уьш шайн Даймохк а, халкъ а дезаш а, церан сий лардеш а хилча, вайн кхане беркате а, токхе а, машаре а хир ю. Веза Воккхачу Дала тIаьхье беркате йойла вайн!

**Рефлекси**
- Бераш дийца вай Дахмохк муьлханиг бу?
-Даймохк бохучу дашахь муха кхийтира шу?
-Вайн паччахь мила ву?
-Вай муьлхачу къомах ду?

-Вай муьлхачу динехь ду?